

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan.

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran data di bab IV ngeunaan prinsip gawé bareng jeung sipat omongan anu aya dina buku kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna, sakabéh data anu kapaluruh dipasing-pasing dumasar kana tujuan anu rék dihontal nyaéta (1) prinsip gawé bareng anu aya dina buku kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna, jeung (2) Sipat omongan anu aya dina unggal paguneman buku kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna.

Tina hasil panalungtikan, kapanggih atawa kapaluruh aya 200 data paguneman anu mibanda prinsip gawé bareng boh paguneman anu ngarempak boh paguneman anu ngukuhan prinsip gawé bareng. Sanggeus data tadi dianalisis tuluy diklasifikasi dumasar kana maksim gawé bareng jeung sipat omonganna. Prinsip gawé bareng anu kapanggih dina panalungtikan diwincik jadi opat maksim nyaéta maksim jumlah (*kuantitas*), maksim inajén (*kualitas*), maksim kasaluyuan (*relevansi*), jeung maksim cara (*pelaksanaan*), sedengkeun sipat omonganna diwindik jadi sipat omongan langsung jeung sipat omongan teu langsung.

Dumasar kana hasil analisis kapaluruh, kapaluruh aya (1) 72 paguneman anu nuduhkeun maksim jumlah (*kuanitas*) (54 paguneman anu ngukuhan jeung 18 paguneman anu ngarempak maksim jumlah), 17 paguneman anu nuduhkeun maksim inajén (*kualitas*) (5 paguneman anu ngukuhan jeung 12 paguneman anu ngarempak maksim inajén), 75 paguneman anu nuduhkeun maksim kasaluyuan (*relevansi*) (61 paguneman anu ngukuhan jeung 14 paguneman anu ngarempak maksim kasaluyuan), sarta 36 paguneman anu nuduhkeun maksim cara (28 paguneman anu ngukuhan jeung 8 paguneman anu ngarempak maksim cara). Data paguneman anu pang lobana aya dina buku kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna nya éta paguneman anu nuduhkeun maksim kasaluyuan, lantaran

dina ieu kumpulan carpon loba paguneman anu saluyu jeung teu saluyu kana kontéks omongan anu keur lumangsung dina carita, sedengkeun data anu pang saeutikna nyaéta maksim inajén, lantaran dina ieu kumpulan carpon teu loba paguneman anu ngarempak atawa ngukuhan kana ieu maksim.

Dina buku kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna ayana sipat omongan anu nyampak dina unggal pagunemanna, sipat omongan dina ieu panalungtikan diwincik jadi dua, nyaéta (1) sipat omongan langsung jeung (2) sipat omongan teu langsung. Dina ieu panalungtikan kapaluruh aya (1) 295 sipat omongan langsung jeung (2) 103 sipat omongan teu langsung. Katitén sipat omongan anu pang lobana kapanggih nyaéta dina sipat omongan langsung, lantaran dina ieu buku kumpulan carpon, loba omongan anu togmol, boh dina wangun omongan pananya, paréntah, atawa wawaran, sedengkeun sipat omongan anu kapanggihna saeutik nyaéta dina sipat omongan teu langsung, lantaran dina ieu kumpulan carpon teu loba omongan anu teu togmol atawa teu langsung, sipat omongan teu langsung anu kapanggih dina ieu buku kumpulan carpon lobana dina wangun kalimah pananya jeung wawaran.

## 5.2 Implikasi

Sabada ngaanalisis prinsip gawé bareng jeung sipat omongan dina buku kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran jeung ngeuyeuban paélmuan, hususna dina widang élmu pragmatik. Dina komunikasi sapopoé larapna ieu panalungtikan miharep nu maca bisa ngarti kana makéna basa dumasar kana prinsip gawé bareng sangkan lumangsungna komunikasi bisa saluyu jeung kontéks omonganna jeung dipiharep sangkan bisa ngurangan ayana gagal réson nalika keur lumangsungna komunikasi, ku ayana pedaran ngeunaan prinsip gawé bareng jeung sipat omongan dina paguneman, dipiharep masarakat anu maca bisa leuwih paham kana omongan anu dikedalkeun ku jalma lian boh anu sipatna sacara langsung boh anu sipatna sacara teu langsung

### 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis jeung kacindekan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi anu patali jeung ieu panalungtikan.

- 1) Ieu panalungtikan anu ngulik ngeunaan prinsip gawé bareng jeung sipat omongan dina wangun karya sastra hususna dina paguneman buku kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna. ku kituna panalungtik miharep ayana panalungtikan anu medar ngeunaan prinsip gawé bareng jeung sipat omongan dina wangun lisan atawa komunikasi sapopoé hususna di tatar Sunda.
- 2) Ieu panalungtikan pikeun ngajembaran ulikan kabasaan hususna dina widang kapragmatisan prinsip gawé bareng jeung sipat omongan, dipiharep leuwih dijembaran kana ulikan anu dipedar, lain ngan saukur ngaanalisis kana paguneman jeung sipat omonganna wungkul